**दिन—गुरूवार** **दिनांक—16.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक शेष तीन चरणक लेल प्रचार अभियान तेज भऽ गेल अछि। विभिन्न गठबंधन आ राजनीतिक दलक स्टार प्रचारक आ वरिष्ठ नेता मतदाता सभ के अपन पक्ष मे गोलबंद करबाक लेल लगातार चुनावी सभा, रैली, रोड़—शो आ जनसंपर्क कऽ रहलाह अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आई सीतामढ़ी मे एनडीए प्रत्याशी देवेशचंद्र ठाकुरकैँ समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री शाह कहलनि जे देश आ राज्यक विकास एनडीएक विकास मॉडल पर निर्भर करैत अछि। ओ कांग्रेस आ राजद पर राज्य के पिछड़ापन दिस धकियेबाक आरोप लगौलनि। ओतहि, श्री शाह मधुबनी मे एक जनसभा के संबोधित करैत कहलनि जे जननायक कर्पूरी ठाकुर के उचित सम्मान देबाक काज एनडीए सरकार कयलक अछि। श्री शाह राजद नेतृत्व पर कर्पूरी ठाकुर के नाम पर मात्र राजनीति करबाक आरोप लगौलनि। श्री शाह मधुबनी मे भाजपा प्रत्याशी अशोक कुमार यादव कैँ समर्थन मे चुनावी सभा कैँ संबोधित कऽ रहल छलाह।

---

एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव मधुबनी मे इंडी गठबंधनक प्रत्याशी अली अशरफ फातमीक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री यादव एक बेर फेर बेरोजगारी आ मंहगाई के मुद्दा के लऽकऽ एनडीए सरकार के कटघरा में ठाढ़ कयलनि। सभा के वीआईपी के अध्यक्ष मुकेश सहनी सेहो संबोधित कयलनि। वांमपंथी दल भाकपा, माकपा आ भाकपा —मालेक वरिष्ठ नेता सेहो इंडी गठबंधनक समर्थन मे जनसभा आ रोड़—शो कऽ रहलाह अछि।

---

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरणक लेल नामांकन पत्र वापस लेबाक काल्हि अंतिम दिन अछि। एहि सँ पहिने नामांकन पत्रक जांच मे एक सय अड़तीस उम्मीदवारक पर्चा सही पाओल गेल। ओतहि, उनासी नामांकन पत्र रद्द कऽ देल गेल। मुख्य निवार्चन पदाधिकारी कार्यालय सँ प्राप्त जनतबक अनुसार नालंदा संसदीय क्षेत्र सँ उनतीस, पटना साहिब सँ सत्रह, पाटलिपुत्र सँ बाईस, आरा सँ चौदह, बक्सर सँ पंद्रह, सासाराम सँ दस,

काराकाट सँ चौदह आ जहानाबाद संसदीय क्षेत्र सँ सत्रह उम्मीदवार सभक नामांकन पत्र सही पाओल गेल। एम्हर, अगिआंव विधानसभा क्षेत्रक लेल भऽ रहल उपचुनाव मे सभ नओ उम्मीदवारक नामांकन पत्र वैध पाओल गेल। एहि चरणक अंतर्गत एक जून कऽ मतदान होयब अछि।

———————————————————————

कांग्रेसक पूर्व प्रदेश प्रवक्त असितनाथ तिवारी, सत्यम दूबे सहित कतेको नेता आई भाजपा मे सम्मिलित भऽ गेलाह। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी पार्टी कार्यालय मे आयोजित समारोह मे हिनका सभ के पार्टीक सदस्यता दिऔलनि। एहि अवसर पर स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय उपस्थित छलाह।

———————————————————————

राज्य सरकार अवैध बालू खनन आ परिवहन पर प्रभावी अंकुश लगेबाक लेल वाहन सभ मे विशिष्ट पहचान लगेबाक निर्देश देलक अछि। खनन विभाग बालू परिवहन मे लागल वाहन सभक पहचानक लेल लाल रंगक चाकर पट्टी लगायब अनिवार्य कऽ देलक अछि। विभाग एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ जीपीएस लागल वाहन सभ पर चारू दिस बीस इंच चाकर लाल रंगक पट्टी रंगेबाक आदेश देलक अछि। एकर संगहि एहि वाहन सभक चारू दिस खनन वाहन निबंधन संख्या अंकित करब सेहो अनिवार्य होयत। ई व्यवस्था एहि वर्ष जुलाई सँ लागू भऽ जायत। ध्यातव्य अछि जे उच्चतम न्यायालय आ राष्ट्रीय हरित अधिकरण अवैध खनन आ परिवहन के रोकथामक लेल राज्य सरकार सभ के प्रभावी कार्रवाई करबाक लेल कहने छल।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकतर भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। राज्यक उन्नैस जिला मे अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सँ ऊपर दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला चारि दिन धरि राज्यक अधिकतर भाग मे अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि भऽ सकैत अछि। एम्हर, विभाग एहि अवधि मे पटना, नालंदा, शेखपुरा, बेगूसराय, लखीसराय, जमुई आ बांका सहित प्रदेशक विभिन्न भाग मे हॉट डे के स्थिति बनल रहबाक आशंका के लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————

बांका, मुंगेर जमुई कटिहार सहित राज्यक दक्षिण–पूर्व भाग मे आइ दुपहर बाद अचानक आयल आंधी–बारिश आ वज्रपातक घटना मे दू लोकनिक मृत्यु भऽ गेल। जखनकि कतेको घायल भऽ गेलाह। बांका जिलाक बौंसी प्रखंड अंतर्गत असनाहा गाम मे वज्रपात चपेट मे आबि कऽ एक युवकक मृत्यु भऽ गेल। ओतहि, जिलाक विभिन्न भाग मे गांछ खसबाक कारणे कतेको स्थान पर यातायात प्रभावित भेल। इधर, मुंगेर जिले के खड़गपुर अनुमंडल क्षेत्र अंतर्गत दहियार गांव मे वज्रपात की चपेट मे आबिकऽ एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेल। जखनकि चारि अन्य घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————————

दरभंगाक एक स्थानीय अदालत अपहरणक एक मामिला मे नओ अभियुक्त के आजीवन कारावासक सजाए सुनौलक अछि। अदालत एहि सभ पर दस–दस लाख टाकाक अर्थदंड लगौलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।